

Pwogram Asistans Finansyè

**Kesyon yo
Mande Anpil**

(Rezime nan Langaj Senp)

Si mwen pa gen asirans epi mwen pa kapab peye bòdwo lopital la?

Maimonides Medical Center bay asistans finansyè sou fòm chaj ki redwi pou sèvis non-ijan ki medikalman nesèsè pou rezidan ki pa gen anpil revni nan Vil Nouyòk ki pa gen asirans oswa ki deja rive nan limit benefis sante yo. Asistans finansyè pou sèvis ijans disponib pou rezidan Eta Nouyòk ki pa gen anpil revni. Yo konsidere pasyan yo pa gen anpil revni si revni fanmi a anba yon pousantaj nivo povrete federal epi yo pase yon tès sou avwa yo.

Gen asistans finansyè ki gendwa disponib tou, selon rezilta analiz chak ka ki prezante, pou pasyan ki pa satisfè kritè elijibilite men ki gen yon anpil depans medikal ki trè wo.

Kijan mwen kapab jwenn Politik Asistans Finansyè a?

Politik Asistans Finansyè Maimonides (FAP), fòm aplikasyon FAP a ansanm ak yon rezime FAP la (“Rezime nan Langaj Senp”) disponib sou yon paj Asistans Finansyè konsakre sou wèbsayt Maimonides (<http://www.maimonidesmed.org/main/FinancialInformation.aspx>). Kopi dokiman sa yo sou fèy papye disponib sou demann ak gratis, nan kourye lapòs nan men Depatman Sèvis Finansye (Financial Services Department) ki sitye nan 983 48th Street, Brooklyn, NY, 11219

ak nan espas piblik nan Lopital la, ikonpri nan Sal Ijans lan, nan zòn admisyon an ak pwen kote yo bay pasyan sèvis. Tradiksyon politik la, aplikasyon an ansanm ak Rezime nan Langaj Senp la disponib tou sou wèbsayt la ak nan adrès sila yo.

Èske tout sèvis yo garanti?

Se pou sèvis yo nesèsè medikalman epi pou se Maimonides Medical Center ki bay yo. Pami sèvis politik la pa garanti genyen:

- Bagay ki pa nesèsè medikalman (pa egzanp, pwosedi kosmetik);
- Bagay ki pa gen okenn benefis klinik oswa terapetik (pa egzanp, telefòn, chaj diferansyèl pou televizyon ak chanm prive);
- Sèvis lopital la pa faktire (pa egzanp, sèvis anestezi, chaj sèten doktè faktire); ak
- Kopeman ak dediktib yo.

Kontakte Depatman Sèvis Finansye pou jwenn enfòmasyon konsènan doktè politik la aksepte.

Kijan mwen pral konnen ki sèvis ki garanti?

Lè w aplike pou asistans finansyè, nou pral enfòm w ki sèvis ki kapab garanti.

Kisa mwen dwe fè pou yo aksepte banmwen asistans finansyè?

Pale ak yon Konseye Finansye ki pral travay ansanm avèk ou pou detèmine si w elijib pou jwenn asirans leta (pa egzanp, Medicaid, Child Health Plus, Prenatal Care Assistance Program), yon rediksyon chaj oswa lòt asistans

finansyè. Tanpri kontakte Depatman Sèvis Finansye (Financial Services Department) ki sitye nan 983 48th Street, Brooklyn, NY, 11219, oswa rele 718-283-7790 pou kòmanse pwosesis sa a. Konsènan sèvis Sante Mantal pou pasyan ki pa dèmi lopital, kontakte Kès/Anrejistremant Sikyatri a (Psychiatry Cashier/Registration) ki sitye nan 920 48th Street, Brooklyn, NY 11219, oswa rele 718-283-8177.

Èske mwen elijib pou jwenn asistans finansyè?

Pwogram asistans finansyè an baze sou nivo povrete federal selon kantite ak revni moun ki rete ansanm, ak avwa likid total (kont labank, aksyon, obligasyon). Pasyan ki gen revni fanmi yo ki rive oswa ki pi ba pase 300% nivo povrete federal benefisye yon prezonpsyon kòm kwa yo elijib pou resevwa diskont. Montan diskont yo varye selon pousantaj egzak de nivo povrete federal revni fanmi (0%-300%) a ak tès sou avwa yo. Si ou elijib pou asistans finansyè, yo p ap faktire plis pase montan Maimonides Medical Center faktire anjeneral pou sèvis yo, ki baze sou sa Medicare oswa Medicaid ta peye, selon sèvis yo.

Anplis de elijibilite finansyè, ou dwe bay tout enfòmasyon oswa dokiman yo bezwen pou aplikasyon asistans finansyè a ak pou ou kowopere ak anplwaye finansyè Maimonides. Tanpri sonje yo p ap ka redwi chaj yo si ou ka resevwa asistans nan men yon pwogram asirans leta esponsorize (pa egzanp, Medicaid, Child Health Plus, Prenatal Care Assistance Program).

Rezime nan langaj Senp (Paj 2)

Ou dwe aplike pou asistans finansyè 240 oplita apre dat nou te ba w premye bòdwo apre egzeyat ou pou sèvis pouki ou ap mande asistans finansyè.

Konbyen tan pwosesis aplikasyon an dire?

Depi ou fin ranpli aplikasyon an epi ou bay tout dokiman ak enfòmasyon yo bezwen yo, Depatman Sèvis Finansye Maimonides Medical Center epi pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa rete lopital, Kès Sikyatri/Anrejistreman an pral analize enfòmasyon yo epi li pral pran yon desizyon nan lè 30 jou. Si w resevwa yon bòdwo pandan aplikasyon ou pòkò abouti, sa pa vle di yo te refize aplikasyon ou pou benefisyè rediksyon chaj.

Kijan m ap konn si aplikasyon an aksepte?

Depatman Sèvis Finansye oswa Kès Sikyatri/Anrejistreman an pral notifiye ou alekri si yo te aksepte oswa refize aplikasyon ou pou rediksyon chaj. Si yo apwouve li, yo pral enfòmè ou sou montan rediksyon chaj ou an epi yo pral remèt ou yon bòdwo ki korije.

E si yo refize aplikasyon mwen?

Si yo pa aksepte aplikasyon ou an, ou gen dwa konteste desizyon an 30 jou oplita apre notifikasyon an. Pou sèvis apa sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital, 1ye Vis-Prezidan Finans (Sèvis Finansye) pral pran desizyon sou kontestasyon yo. Se pou yo prezante kontestasyon yo alekri (oswa fas-a-fas, sou randevou) opre 1ye Vis-Prezidan (Sèvis Finansye) nan adrès ki annapre a:

**983 48th Street
Brooklyn, NY 11219
718- 283-7790**

Pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital, Direktè Ranbousman an pral pran desizyon sou kontestasyon yo. Se pou yo prezante kontestasyon yo alekri (oswa fas-a-fas, sou randevou) opre Direktè Ranbousman (Director of Reimbursement) nan adrès sila a:

**4802 Tenth Avenue
Brooklyn, NY 11219
718-283-3900**

Si yo pa aksepte aplikasyon ou an, nou pral travay ansanm avèk ou pou devlope yon plan peman ki reyalist ak ekitab, anmenm tan nou teni kont de obligasyon finansyè yo pou sèvis lopital la te bay.

Kisa ki pral rive si yo apwouve mwen epi mwen bezwen tretman anlplis?

Lè yo di w elijib pou jwenn rediksyon chaj yo, desizyon sa a vo pou yon lane, apre sa y ap dwe revwa elijibilite w ankò.

Kisa ki rive si yo apwouve mwen epi mwen vle peye montan mwen dwe yo piti pa piti?

Pasyan yo k ap resevwa asistans finansyè gendwa mande yon antant pou peman pa tranch (piti pa piti) nan men yon Konseye Finansye.

Èske plan asistans finansyè an garanti sèvis sikyatrik ak sèvis mezon retrèt?

Swen mezon retrèt pa garanti. Sèvis sikyatrik pou pasyan ki dòmi etablisman Maimonides Medical Center yo bay garanti, men gen yon pwogram asistans finansyè apa pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital, ikonpri preskripsyon yo.

Si w deside jwenn plis enfòmasyon osijè asistans finansye pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital, tanpri rele Direktè, Operasyon Finansyè pou Sikyatri nan 718-283-8144.

Èske mwen kapab fè tès laboratwa mwen bezwen grasa plan asistans finansye ou an?

Rediksyon chaj yo disponib pou tès laboratwa , reyon Iks ansanm ak lòt sèvis segondè ki medikalman nesèsè yo bay nan Maimonides si ou satisfè kritè elijibilite yo.

Si mwen resevwa asistans finansyè, èske enfòmasyon an la pou tout moun kapab wè l?

Tout enfòmasyon ki nan aplikasyon ou an ap rete sekrè.

**Si ou gen kesyon anlplis ou ta renmen poze, tanpri rele
Depatman Sèvis Finansye nan
718-283-7790**